



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 150 MILYON DOLA SAN PARÈY
NAN OPÒTINITE FINANSMAN KAPITAL YO POU OUVRI POU ÒGANIZASYON
ATISTIK AK KILTIRÈL YO**

Enkli 100 milyon dola adisyonèl nan nouvo finansman pou gwo pwojè kapital yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon rekò 150 milyon dola nan finansman kapital ki pral disponib pou òganizasyon atistik ak kiltirèl atravè Fon Pwojè Kapital Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York la. Fon an gen de kategori sibvansyon: Sibvansyon Kapital pou Amelyorasyon Piti ak Mwayen ak Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon. Investisman san parèy sa a gen ladan 100 milyon dola nan nouvo finansman plizyè ane pou fasilite pwojè kapital a gran echèl ki bay priyorite ak devlopman kominotè ak amenajman. Se pi gwo angajman Eta a te janm pran anvè NYSCA pou pwojè kapital pou zèv atistik, apre yon finansman ki deja nan nivo rekò pou zèv atistik nan Bidjè ane fiskal 2023 a. Gouvènè Hochul ap diskite plis sou angajman li pou sipòte zèv atistik nan Ouvèti Sezon Carnegie Hall 2022-2023 pita nan aswè.

"Òganizasyon atistik ak kiltirèl New York yo ranfòse byennèt ekonomik nou yo, nouri divèsite ak idantite nou yo, epi sipòte kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman Eta rekò sa a pral pèmèt NYSCA gen yon pakèt òganizasyon pou antreprann pwojè amelyorasyon ki nesèsè anpil, pou yo ka kontinye bay Nouyòkè eksperyans kiltirèl anrichisan epi fè avanse wòl yo kòm ankraj ekonomik ak kominotè".

Fon Pwojè Kapital NYSCA a pral konsantre sou sipòte enstitisyon kiltirèl k ap chèche finansman Eta a pou investisman nan amelyorasyon kapital ki pèmèt òganizasyon yo soutni ak elaji pwogram kiltirèl pou divès piblik, ankouraje aksè ak dirabilite anviwònman an, prezève ak kreye travay, epi finalman kontribye nan kwasans sektè atistik ak touris New York yo.

De opòtinite yo se:

- **Sibvansyon Kapital pou Amelyorasyon Piti ak Mwayen pou Zèv Atistik ak Kilti:** Opòtinite sa a finanse pwojè nenpòt gwosè, avèk sibvansyon jiska 2 milyon dola ki priyore aksè, zèv atistik, devlopman kiltirèl, dirabilite, sante ak sekirite, ak amelyorasyon estriktirèl ak istorik. Pwojè solid yo konbine ekselans nan

konsepsyon ak desizyon enfòm sou kapasite òganizasyonèl ak bezwen kominote a ki pral afekte pozitivman avni òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè New York.

- **Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon pou Zèv Atistik ak**

Kilti: Opòtinite sou plizyè ane sa a pral sipòte enstitisyon zèv atistik ak kiltirèl atravè eta a k ap antreprann amelyorasyon kapital ki gen enpak epi a gran echèl. Sibvansyon an ap varye ant 2 milyon dola ak 10 milyon dola pou pwojè ki gen yon pri total 4 milyon dola oswa plis. Finansman sa a pral sipòte investisman pou pèmèt òganizasyon yo pwospere nan elaji pwogram kiltirèl, atenn nouvo odyans ak divèsifye, ak ankouraje aksè. Sibvansyon sa yo pral ede tou fè avanse objektif Eta a konsènan divèsite, ekite ak enklizyon epi yo pral mande pou tout aplikan yo angaje nan inisyativ ekite sosyal ak plan aksè ki sèvi tout Nouyòkè yo.

Pòtay aplikasyon pou opòtinite sa yo ap ouvri vandredi 30 septanm 2022 epi ou ka jwenn aksè sou sitwèb NYSCA, arts.ny.gov. Yo ankouraje òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif nan Eta New York ki elijib yo pou yo aplike pou fon pwojè kapital NYSCA a. NYSCA pral reyalize tou semènè sou entènèt sou pwosesis aplikasyon an epi òganize plizyè sesyon biwo vityèl pou aplikan yo resewa asistans youn a youn anvan dat limit 12 janvye 2023.

Depi 2018, NYSCA te bay 204 sibvansyon kapital, ki totalize 50 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo atravè sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Pwojè sa yo ogmante kapasite travay epi fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak bwason, ak vant an detay New York yo.

Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA ap bay 90 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay òganizasyon atistik ak atis yo. Benefisyè sibvansyon sa yo pral anonse nan fen ane sivil la.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Mara Manus, te deklare, "Ekonomi kreyatif pisan New York la se yon motè enpòtan nan rekiperasyon eta nou an kòm yon lidè kiltirèl mondyal. Nou rekonesan anpil pou 150 milyon dola san parèy Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a nan finansman kapital Ane Fiskal 2023 pou NYSCA, rekonèt wòl enpòtan pwojè sa yo jwe nan ekonomi nou an, ekoloji lokal nou yo ak sante tout Nouyòkè yo".

Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare, "Nou onore nan NYSCA pou rann opòtinite sa yo disponib pou òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè New York. Finansman kapital la transfòmèt pou òganizasyon ak kominote yo - pwojè sa yo ranfòse travay, fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, epi ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak vant an detay. Nan non anplwaye NYSCA, Konsèy ak kominote atistik ak kiltirèl nou an, mwen ta renmen rekonèt Gouvènè Hochul ak Lejislatè Eta nou yo pou angajman san rete yo genyen anvè òganizasyon atistik ak kiltirèl New York yo avèk total istorik 150 milyon dola sibvansyon finansman kapital Ane Fiskal 2023 sa a. Investisman sa a pral garanti avni sektè nou an epi asire trezò kiltirèl eta nou an ap kontinye grandi ak pwospere".

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Mwen kontan anpil ke 150 milyon dola yo pral disponib pou amelyore ak grandi sant kiltirèl yo atravè katye yo ki edike, konekte, ak enspire kominote nou yo. Kenbe zèv atistik aksesib epi disponib pou tout Nouyòkè yo enpòtan anpil pou kwasans kontinyèl ak sante eta nou an".

Senatè Eta a, Brad Hoylman te deklare, "Plizyè milyon moun soti toupatou nan mond lan pou yo fè eksperyans zèv atistik nan New York. Òganizasyon kiltirèl yo ki gen renome toupatou nan mond nou an se yon gwo motè ekonomik pou vil ak eta nou an, epi nou bezwen investi nan òganizasyon sa yo pou nou kontinye devlope endistri sa a. Mwen fyè pou m sipòte finansman istorik Gouvènè Hochul ap anonse jodi a pou ogmante aksè ak dirabilite atistik, sipòte kwasans ak enpak yo, epi enspire jenerasyon Nouyòkè k ap vini yo".

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Zèv atistik se yon bagay esansyèl nan New York. Non sèlman zèv atistik se kè ak nanm chak kominote nan eta nou an, yo se motè ekonomik, k ap kreye travay, estimile aktivite, ak amelyore lavi. Pandan plizyè ane pase yo, òganizasyon atistik ak kiltirèl yo te fè fas ak plizyè difikilte, epi anpil ladan yo toujou gen difikilte. Li lè pou yon renesans atistik nan Eta New York. Mwen kontan dèske Eta New York ap entèveni ak bay sipò pou zèv atistik atravè yon finansman kapital ogmante, pou asire ke òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo ap ekipe pou siksè pou ane k ap vini yo".

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, "Finansman rekò sa a se yon investisman nan kilti, ekonomi, ak vitalite Eta New York. Òganizasyon kiltirèl nou yo se yon pati enpòtan nan karaktè nou ak lespri nou. Atravè sipò san parèy Gouvènè Hochul ak Lejislati a, nou pral ogmante benefis mezirab yo bay nan tout kominote nou yo, vil nou yo ak eta nou an".

Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan

Konsèy la prezève epi fè avanse sektè atistik ak kiltirèl yo ki fè Eta New York gen yon plas eksepsyonèl pou viv, travay epi vizite a. Konsèy la defann dwa tout Nouyòkè pou eksperimente kontribisyon ki vital ke zèv atistik yo fè nan kominote, edikasyon, devlopman ekonomik, ak kalite lavi nou. Pou sipòte rekiperasyon zèv atistik k ap kontinye nan Eta New York, Konsèy sou Zèv Atistik la pral akòde finansman rekò nan ane fiskal 2023 a, bay sipò nan tout aspè zèv atistik, ki gen ladan sipò devwe pou edikasyon sou zèv atistik ak kominote ki pa reprezante yo.

Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite <http://www.arts.ny.gov>, epi swiv paj Facebook, Twitter @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts NYSCA yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418